

POESAKA-SOENDA

DIKALOEARKEUN KOE PAGOEJOEBAN

JAVA-INSTITUUT

Anoe djadi Redactie: Dr. R. A. HOESEIN DJAJADININGRAT,
J. KATS, M. SOERADIRADJA.

TOEDJOEL SERAT: — GOENOENG SARI 84. — WELTEVREDEN

Pangaosna langganan Poesaka-Soenda dina **sataoen** ti Juli d.k. Juni f 3.—
Pangaosna hidji (sadjilid) Poesaka-Soenda, ngagaleuh ngètèng . . . , 0.30
Pangaos **samboeng-lajang** (advertentie) dina P. S. sakatja . . . , 20.—
Satengah katja f 12¹/₂, Saparapat katja , 7.50
dina sakali kaloear.

Oepami ngalangan samboeng-lajang langkoeng mirah.

Eusina P. S. No. 11

1 Agama Boeda panggalar Boro-boedoer	katja 161
2 Paririmbun (Tjatoerangga Koeda) „	167
3 Oenak-anik basa Soenda . . . „	172
4 Pihatoer Redaksi	„ 173
5 Wawatjan Siliwangi	„ 173

Agama Boeda panggalar Boro-boedoer.

(Samboengan P. S. No. 8 katja 122).

Koe sadaja ogé tangtos parantos kaeningga, jén dina oenggal agama pada aja roekoen-roekoenna sarta aja babagianana atawa

tahapanana anoe pada-pada aja bagbaganana. Saperti dina Islam aja roekoen iman, roekoen islam, saréat, hakékat, aja sara, aja tarékat sareng seueur-seueur deui, tah dina agama Boeda ogé nja kitoe sanés moeng salandjaran atanapi saroentoejan baé.

Doepi anoe djadi wawaton agama Boeda dibagi **tiloe** bagian; toegoe anoe djadi pikoe-koeh panjangtjang kapertjajaan, nja éta anoe diseboet:

Triratna.

Demi éta anoe diseboet *triratna* téh, nja éta koemboehna koem tiloe pikoe-koeh, **iman** atoeran kaboedaan, hidji-hidjina nja éta:

1. Boedha (Minangka nabina).
2. Dharma (Pangadjaran agamana, minangka Islam at Karistenna).
3. Sanggha (Atoeran, oeger-oegeran kapan-ditan).

Anoe ka hidji, Boeddha téa, nja anoe minangka Nabina, anoe ngagelarkeun woeroek. Saperti dina Islam dina Karisten, sa-koer panoetanana koedoe pada pertjaja ka Nabina, Islam ka K. Nabi Moehamad, Karisten ka K. Nabi Isa, ari dina Boeda nja tangtos kedah pertjaja ka Sang Boeddha téa.

Anoe ka doea, *Dharma*, nja éta *iman* anoe gelar djadi pangadjaranana minangka *roekoen-roekoen*, dina Islam. Ieu *Dharma* téh ngadeg dina **opat** dadasar kanjataan, nja éta:

1. Soegri anoe koemelip di alam lahir, kabulit koe njeri peurih, sedih prihatin, teu ingkar tina sangsara doenja.
2. Kasedih, kanjeri, kaprihatinan nalangsa noe salalawasna karandapan di doenja, éta taja lian anoe djadi marga lantaranana, kadjaba ti kapoehit koe panarikna doenja, anoe teu aja kendatna tibelat koe gelarna djagat, hajang balik deui ka lahir, koemalendang di doenja.
3. Sangkan itjal tina siksaan nandang sangsara, *njeri* keuna koe sedih kaprihatinan téa, éta taja lian kadjaba ti koedoe noekang kana hajang balik deui ka lahir, moekah *hajang* moelang deui ka doenja téa!

Moenggoeh anoe ngagem kaboedaan, koedoe henteu merdoeli kana soegri panarik lahir, pangadjak doenja, senang sangsara saroea katampana, da doenja noe djadi gogoda.

4. Anoe djadi **djalan** geusan ngitjalkeun kasangsaraan doenja téa, ngalaksanakeun sapanedjana, soegri panoetan Boeda mah koedoe dioeger koe *dalapan* patokan, anoe djadi papantjén koedoe ditohonan salalawasna, nja éta:
 - a. Weroeh kana élmoena, njata kana pangadjaranana.
 - b. Teger panger tetep anteb, tékad teu keuna koe obáh.
 - c. Waktja sabalakana, ngadék satjékna nilas saplasna.
 - d. Lakoe lampah sahinamna, balaka satarabasma.
 - e. Sandang-pangan saajana, milik satjlikna daradjat sadatangna, oelah leuwih hajang njésa.
 - f. Goemoeloeng kalboena, ngahidji pikirna, tjengeng manteng salawasna.
 - g. Toelatén permana tingal.
 - h. Teu tinggal ti moedja semédi.

(Paingan aja katjapangan Kai Léngsér dina lalakon Loetoeng Kasaroeng, anoe oengelna: Loeloeroeng toedjoeh ngabandoeng, ka dalapan noe disorang; roepina nja ieu oegeran anoe dalapan roepa téa, djalan kana kaboodaan. R. d. R.).

Soegri panoetan Boeda diwadjabkeun sarta pada ngarasa djadi kawadjaban, geus aja dina patékadanana, jén geusan *moengkoerkeun* sarta *mileuleujankeun* kana *doenja*, noe diseboet panggonan kasangsaraan téa, alam angkara moerka sarakahna kadoenjaan. Eta margina noe mawi bangsa Boeda mah noenda sarta ngitjalkeun sadaja kasoekan doenja, biasa koe Djawa dibasakeun *mati-raga*; hi-roep oelah dipoepoedjoehkeun, narima saajaja, ngoetjoelkeun pangdjoeroeng napsae, siang wengi teu aja menit kaliwat tjengeng manteng kana agamana, koedoe toehoe djoe-noen kana woeroek goeroe, oelah kagambang koe pangadjakna **sangsara** noe djadi goda rantjana.

Soegri anoe bisa ngambah djalan, toemoet oeger-oegeran kaboodaan anoe bieu téa, éta tan wandé tinekanaan sapanedjana bakal datang ka ginelar **Arhat**, Kasoetjian anoe sadjatining Soetji, doemoenoeng dina **Nirwana**, sirna anoe saenjana sirna, geus teu aja genah panasaran, di anoe **aja** tanpa papada téa.

Djadi ningal kana djoedoe toengtoeng patékadan Kaboodaan, njata télela di dinja geus itjal teu aja basa **Allah**, malah **sawarga** anoe biasa djadi katjapangan oerang téa, éta ogé teu aja, kaloeli-loeli diliwat teu dipiroséa, da dina iman kaboodaan mah, moengguh sawarga éta, ajana poegoe bagian doenja; lamoen sawarga noe djadi patékadan, tjeuk dina Boeda mah, tetep katjangtjang koe *sangsara*, oeloekoetek dina wewengkon bagian doenja. Nja kitoe deui seseboetan Déwa, Batara djeung sabangsana sapanoeding noe lian, éta saenjana dina Boeda henteu djadi toengtoeng tjatoer, sadajana henteu aja, woengkoel hidji noe dioengsi, nja éta sirna soetji dina soetji, geus teu aja naon-naon deui, nja éta anoe dibasakeun: *Arhat* djeung *Nirwana* téa.

Nanging lami-lami saporantos nerekab dja-di agama, djadi pangadjaran ka djelema loba, réa pandita panoetan Boeda anoe soelaja pamendak, todjajiah soerah manah teu sapoek

sabiloeloengan panemoe, sapalih, aja noe toehoe mageuhan poko, aja noe biloek ka noe hajang ngarobah, nepi ka agama Boeda mentjar djadi doea roepa, anoe dingaranan:

Mahajjana sareng Hinajjana.

Anoe toehoe kana ngoekoehan poko diseboet kaom **Hinajjana** hartina „titihan alit”, ari anoe biloek ka noe anjar, kana paham anoe digelar koe robahan téa, diseboet kaom **Mahajjana**, hartina *titihan-ageng*.

Sakoemaha anoe parantos didadar tadi di loehoer, noemoetkeun paham agama Boeda asal, nja *Nirwana* téa, noe djadi toengtoeng maksoed téh, estoe djoetjoengna anoe didjoeg-djoeg, padoemoekan kalanggengan, sarta taja lian anoe dipiangan-angen koe sadaja oerang Boeda, ngan sangkan laksana datang ka dinja, nepi ka djoemeneng Arhat. Tah moenggoeh kaom **Hinajjana**, tetep njekelan patékadan éta, sarta toemoet papagonna, henteu ngaropéa réa wéwéka, teu tinggal oegeran ngitjalkeun pameulit lahir, ngoedar sadaja panjangtjang beubeurat doenja, sangkan longsong teu nJORéang ka toekang, teu tibelat koe *kasangsaraan*, bisa datang ka Nirwana téa. Sareng koe margi anoe djoemeneng *Arhat* téa, dina iman Hinajjana, teu aja tjoea djeung ngéwa, teu aja soeka djeung doeka, teu njaah teu asih, teu aja watir karoenja, tjindekna geus soewoeng teu naon teu naon, djadi soegri kaom Hinajjana, koedoe alip-alipan ti alam gelar kénéh toemoet niroe sipatna Arhat téa, ti ajeuna ngaleungitkeun sadaja rasa njaah djeung lebar, mitjeun sedih ati prihatin, henteu soeka-soeka atjan, teu merdoeli kana soegri anoe teu aja dina sipatna Arhat; sabab dina imanna, taja petana laksana bisa tepi ngahidji djeung anoe soetji, lamoen teu ti kiwari ngalalanjahan ngabogaan sipat soetji, henteu beureum henteu hideung henteu hérang-hérang atjan. Djadi njata peta oedagan kaboodaan, koedoe njisihkeun diri di lahir, mijakkeun pangadjak doenja, paéh sadjeroning hiroep, nepi ka ragana taja bédana ti barang noe lain, tjara kai tjara batoe.

Doepi anoe kalebet kana kaom *Mahajjana* mah sanés moeng tepi ka dinja baé tekadna, nanging langkoeng tebih ti éta, atjan poeas koe sakitoe, hajang mantjal ngalangkah tahapan anoe béh ditoe, djadi djoedoel toengtoeng maksoedna sanés dina *Nirwana* ajana.

Margi dina iman kaom *Mahajjana* mah sanadjan oerang laksana toemeka ing alam Nirwana, bakal moebah teu aja goenana ka noe lian, njatana téga teu miroséa ka noe sangsara, teu nangtajoengan ka batoer, pegat oesaha geusan roemaksa ka papada manoesa. Djadi tjeuk kaom **Mahajjana** mah oerang téh oelah ngan hajang sirna sasaliraeun koe andjeun baé, tapi koedoe djadi papajoeng pangaoeban kantja mitra sadajana. Eta margina anoe mawi kaom Mahajjana mah, tekadna langkoeng ti oedagan Hinajjana, nja éta hajang djeung koedoe nepi ka djadi **Boeddha**.

Tjeuk kaom Mahajjana, enja pisan soegri anoe ginandjar kaloehoengan, laksana tepi ka goemelar *Arhat*, éta geus tjalik dina singgasana kamoeljaan, tapi ngan moelja sirna, woengkoel *geusan salira koe andjeun*, geura ari moenggoeh noe djoemeneng **Boeddha** mah, lian ti tepi ka soetji dina kalanggengan téh, maké djeung aja makajakeunana ka noe lian, djadi aoeb papajoeng batoer téa.

Moenggoeh djelema anoe aja kadar laksana tepi kana tahapan *Kaarhatan*, oelah ngeunah koe toemaninah njalira aja dina Nirwana, da tatjan bisa sampoerna bisa njoemponan kawadjiban djadi papajoeng pangaoeban batoer, sabab saenjana koedoe oenggha deui tahapan kana martabat anoe diseboet Bodhisattwa, sarta ti dieu ogé aja kénéh pitoelejeunana nja éta koedoe pindah deui kana tahapan noe pangloehoerna pisan, tepi ka djoemeneng **Boeddha**. Djadi nadjan anoe geus nintjak kana Bodhisattwa ogé, saenjana masih pandjang kénéh lalakonna anoe koedoe kaambah, ngalaman keneh ngaliwat roepa-roepa kasangsaraan di dinja, keuna keneh koe gogoda djeung roepa-roepa anoe koedoe djadi korbanna; Da di dieu mah koedoe geus itjal kana goena salira koe andjeun tea, lali kana diri pribadi, woengkoel hiroep geusan goena anoe lian.

Soepaja langkoeng tetela tahapan-tahapanana, ajeuna oerang papaj tina:

Boeddha (Adi-Boeddha), Dhijani-Boeddha sareng *Bodhisattwa*.

Tadi di loehoer manawi koe sadaja parantos kaoeninga naon anoe diseboet **Boeddha** teh saenja-enjana; ajeuna noemoetkeun agama Boeddha, soegri anoe koemelip di

alam doenja, teu aja kadjabana, koem sadajana asalna ti **Boeddha (Adhi Boeddha)**.

Loemoengsoerna kana rek gelar ka lahir tina **Adhi Boeddha** teh' nja kana djadi lima **Dhijani-Boeddha** (Boeddha ngahening tjipta), nja ieu anoe gelar kawasa disatoengkebing langit satangkaraking djagat, anoe ngageugeuh madhab papat. Seseboetan noemoetkeun genggemana, hidji-hidjina nja eta.

Aksobhija, hartosna Wetan.

Ratna-sambhawa, hartosna Kidoel.

Amithaba, hartosna Koelon.

Amaghasiddha, hartosna Kaler.

Wairatjana, hartosna langit.

Ti wangkid ieu, nja eta tina saporantos loengsoer kana lima **Dhijani-Boeddha** tea, djadi sanes **Boeddha** sajaktosna, nembe diwoedjoedkeun koe artja. Artja tea sanes gambar woedjoedna djelema, nanging woedjoed anoe ngandoeng sipat, mere harti soerahaneeun. Ieu anoe lima Boeddha (sajajana Dhijani-Boeddha tea) artjana dibangoen pandita, panganggona nja anggoan kapanditaan, nja eta taktak katoehoe ngaliglag diboeligirkeun. Dina mastakana aja anoe mendjekoel diseboetna *oesnisha*, sarta dina taarna aja noe ngabindel ngaranna *oerna*.

Eta anoe lima roepa artjana Boeddha tea, dina pasang petana panangan, pada bédabéda noemoetkeun kana pisoerahaneeun. Pasang petana panangan Boeddha, disebat **moedra** ieu di handap ditataan saroepe-saroepe moedra artja Boeddha anoe lima.

Aksobhija, panangan tengen diroembajkeun dina tekoe, disebatna *bhoemisparsja-moedra*, perlambang: *nganggap boemi anoe djadi saksi*.

Ratna sambhawa, panangan tengen diroembajkeun dina takoe nanging sina namprak, disebatna *wara-moedra*, perlambang: *sipat moerah* (Rahman-Rahim).

Amithaba, panangan docanana ditamprakkeun dina pangkonan, disebatna *dhijana-moedra*, perlambang: *ngaheningkeun tjipta*.

Amoghasiddha, panangan tengen didjoeng-djoengkeun nepi ka malebahan dada dampalna namprak ka pajoen (tjara peta anoe rék njegah at. nahan naon-naon) disebatna *abhaia moedra*, perlambang *gilig teu aja kagimir*.

Wairatjana, panangan tengen didjoeng-djoengkeun dampalna ka pajoen, sarta toengtoeng tjoeroek ditepoengkeun kana indoeng-leungeun (tjara noe rék njintreuk), disebatna *witarka-moedra*, perlambang:

Babarempagan.

Kadjabi ti eta anoe lima roepi artja Boeddha noe disebatan bieu téa, di sapaalih tempat mah aja saroepe deui, nja djadi artja Boeddha noe ka genep; doepi pasang peta panangan nja eta panangan tengen saloehoereun panangan kiwa. tjara noe keur ngoebengkeun kikiping, disebatna: *dharmatjakra-moedra*, djadi perlambang: *oebenging djantrana koelrat*.

Hidji-hidjina Dhijani-Boeddha téa aja soeroepanana anoe djadi panémana dina *Bodhisattwa*, nja Bodhisattwa téa anoe geus langkoeng tjaket soemanding djeung lahir kana gelar djadi doenja mah.

Doepi eta sadajana Boeddha anoe parantos ditjarioskeun bieu di loehoer téa, pada-pada boga papantjén noe djadi antjoan geugeuhanana dina saalanna-saalanna, ti awit dongkap ka goemelarna alam lahir.

Dina alam noe kalampahan ajeuna, anoe ngageugeuhna:

Oepami Dhijani Boeddha: Amitabha

Oepami Badhisattwa: Awalokitesjawara.

Oepami Manoesja Boeddha: Gotama.

Agama Boeddha di Djawa.

Koemaha ari di oerang di P. Djawa aboes kana kaom agama boeddha anoe mana?

Doepi agama Boeddha anoe nerekab di tanah Djawa nja anoe kalebet kana *Mahajawa (tilihan-ageng)* téa Anoe mawi tiasa ditangtoskeun kitoe, margi kasaksi koe kitab Djawa anoe disebat: *Serat Sang Hijung Kamahajanikan*.

Saporantos ngadadar toctoeranana agama Boeddha, sakadar anoe perloe kaouinga, ajeuna nembé oerang njarioskeun perkawis:

Tjandi Baro-Boedoer

Ari ajana mah eta tjandi Bro-boedoer téh, sadaja ogé tangtos parantos aroeninga, fina

sakitoe parantos kagoernitana, nja éta di kabupaten Magelang karesidenan Kedoe, dina tengah-tengah tanah padataran anoe sakoeriling boengkingna kalioeng koe goe-noeng.

Anoe ngadegkeun éta poesaka, mililna tempat éstoe ninggang kana perenahna. Di éta tempat tangtöe baheulana aja karadjaan anoe hardja, ninggang kana katjapangan loh djinawi téa, moerah sandang moerah pangan, sarta tangtöe éta nagara djadi poeserna kahardjaan, toer djadi boeloe-wotanna agama, padoemoekan para moersid anoe pada soehoed kana ngoelik kabatinan, para resi para adji, anoe ngagelar pangadjaran. Boektina di sakoerilingna éta Boro-Boedoer réa deui tjandi-tjandi anoe lian, aja anoe tjaket anoe rada tebih, saperti anoe pangtjaketna: tjandi Mendoet, tjandi Pawon, sareng anoe rada tebih: tjandi Prambanan, tjandi Sewoe sareng sadjabi ti éta.

Doepi hartosna, éta ngaran Boro-Boedoer téh dongkap ka ajeuna teu atjan aja anoe kénging dipastikeun. Jaktos parantos réa anoe ngrataan téa mah, tjara kana ketjap *Soenda* deui, nanging ari pasti mah teu atjan. Tjeuk sapalih *Boro-Boedoer* téh asal tina „*Para-Boeda*”; tjeuk sapalih deui — malah ieu mah kirata anoe pang béh — dieuna — pisan *Boro-Boedoer* téh asal tina *Wihara (Bjara, Bara)* Boedoer. *Wihara*, hartosna **Klooster** (Minangka pasantrén moen ajeuna mah).

Djadi Boro-Boedoer téh, hidji tempat Klooster ni Boedoer.

Ari Boedoer mah ngan ngaran tempatna bae, da boektina ajeuna oge di dinja, aja keneh hidji desa anoe diseboetna desa Boedoer, saornja.

Nanging sadajana oge nembe kirata bae.

Naon maksoedna anoe mawi karochoen baheula ngadegkeun eta tjandi Boro-Boedoer?

Noemoetkeun kabiasaan di tanah-tanah anoe agamana Boeddha, oenggal-oenggal adegan anoe ti loehoerna belenong sapertos kantjah nangkoeb téh, anoe diseboet stoepa, eta diadegkeunana dina saloehoereun pendeman sekarna atawa barang poesaka Boeddha, atawa lamoen lain sekar atawa barang titinggal Boeddha, nja sekar lajon salah sahidji radja atawa pandita anoe katjida diagoeng-agoengna.

Koe margi éta bangoen kitoe téh, dipertjaja jén boga bangoen linoehoeng anoe gedé karamatna, noe mawi ladjeng djadi tempat moemoedjan soegri anoe manoetan ka Boed dha. Malah ari lami ti lami mah, natjan éta *stoepa* téa di handapna kosong, teu aja teu dieusian koe sekarna atanapi barang poesaka titinggal Boeddha téa ogé, nja ladjeng baé dianggo tempat moedji, ngaloehoengkeun Boeddha.

Ajeuna oepami aja anoe mariksa: „Naha ari di sahandapeun Boro-Boedoer, aja eusian, aja sekarna atawa barang sédjén titinggal Boeda, tjara di tanah Hindoe?”

Eta teu atjan tiasa dipastikeun kosong eusina, diseboet kosong bisi eusi, diseboet eusi bisi kosong; ari margina di sawaréh tempat mah geus kanjahoan, jén sahandapeun *stoepa* téh aja eusian, sakoemaha anoe ditjaroskeun tadi. Doepi di Boro-Boedoer doegi ka ajeuna teu atjan dipariksa aja henteuna; doepi ngaboektikeunana kedah dikali lebah tengah dasarna, engké bakal mendak soemoer anoe djero pisan; tah di djero éta soemoer, oepami aja téh, pikapendakeunana.

Kadjabi ti éta, bangoen *stoepa* téh aja deui maksoedna, anoe djadi soeloek silokana, nja éta stoepa téh ngabangoen langit, ari langit téa patempatan srangéngé anoe njanangan sakoeliah alam. Djadi *stoepa* téh perlambang tina hidji *gedong tjahja* anoe sinar *dharmana* soemirat ka sakoeliah djagat, njanangan alam noe peteng dedet.

Tadi di loehoer parantos ditjaroskeun jén tjaket ka Boro-Boedoer aja doea tjandi anoe sanès; nja éta tjandi Pawon sareng tjandi Mendoet. Eta anoe doea tjandi ajana lempengan pisan goerat tengahna tjandi Boro-Boedoer beulah ti wétan. Saer sepoeh-sepoeh ti Boro-Boedoer ka Mendoet téh, baheulana aja djalan ngabaloengboeng anoe dibabatoe koe bata, kentja-katoehoena dikoeta témbok, sarta dihias koe artja-artja sareng papaés noe sanès. Nanging éta tjarita kitoe téh teu tiasa dienjakeun, ari margina teu aja pisan tilas-tilasna anoe kapendak.

Tjeuk sapalih, ari tjandi Pawon mah moeng pikeun tawis pangeling-ngeling baé ka **Koe-wèra** nja éta anoe djadi *Déwa-gapoera*.

Eta tjandi-tjandi kawasna geus moal lepat deui baheulana téh minangka pasantrén

moen ajeuna mah! Pasantrén at. Klooster anoe saroepea kitoe disebatna **sanggharana**, nja di dinja noe djadi tempatna para pandita téh, anoe roemawat sareng roemaksa kana éta tjandi-tjandi anoe djadi poepoe-djanna. Padamelanana pandita-pandita di *sanggharama*, nja moemoelja semèdi djeung miwoeroek mitoetoer ngawoelang ka soegri noe saroeumping. Tempat panglinggihanana para pandita di Boro-Boedoer, baheulana kawasna pernahna sakalér-koeloneun tjandina, anoe ajeunana diadegan pasanggrahan.

Sawétaneun tempat tjandi anoe ajeuna aja téa teu sakoemaha anggangna, kapendak aja dadasar témbokan sareng di tengahna aja soemoer, tiloe sadajana, ditémbok sarta djarero pisan. Eta tempat kawasna geus moal lepat deui tangtos tilas *stoepa* alit, nja éta oeroet ngoeboer pandita Boeddha anoe tepi ka poepoesna teu kersa paanggang ti éta tjandi (karamat).

Iraha éta tjandi Boro-Boedoer téh diadegkeunana?

Kana taheonna waktos ngadegkeun éta tjandi Boro-Boedoer, doegi ka ajeuna teu aja anoe iasa nangtoskeun, margi dina serat-serat koena teu aja hidji anoe nétélakeun kana ngadegna Boro-Boedoer. Nanging tiasa ogé dikira-kira, nja éta lantaran dina tatapakanana éta tjandi kapendak aja toelisan, sarta barang éta aksara ditjotjog-tjotjogkeun dibanding-bandingkeun sareng toelisan toelisan, sanés, anoe geus katangén taoen djamanna, nja aja sasaroeanana, sapertos sareng toelisan anoe aja dina batoe *Dinaja* diseratna dina taoen Sjaka 682. Koe margi éta para boedjangga anoe tarabah kana barang koena, iasa ngira-ngira, jén toelisan di Boro-Boedoer téh diseratna antara taoen Sjaka 682 sareng 769. Djadi dina panginten anoe palinter Boro-Boedoer ogé diadegkeunana moal tebih ti éta, kintenkinten dina taoen Sjaka 750.

Doepi sadjarahna éta tjandi Boro-Boedoer ti awit diadegkeun dongkap ka mang windoe-windoe, teu aja anoe terang, teu aja katranganana.

Aja ogé katrangan saeutik, nja éta sa méméh éta tjandi anggeus dina soekoena geus ditoempoekeun batoe réana aja 11600 M³, nja éta anoe dianggo dina tahapan kahidji.

Doepi koebrana éta Boro-Boedoer kawasna sareng sareng koebrana karadjaan Mataram (keur djaman Hindoe baherla), nja éta nalika poeser poesaka-èlmoe Djawa dipindahkeun ti Djawa-tengah ka Djawa-wétan.

Dina Babad Tanah Djawi aja ogé njarioskeunana njabit-njabit ngaran Boro-Boedoer, nja éta dina njarioskeun *M. Danu* dina taoen 1709 atawa 1710, disebatkeun geus lolos ka goenoeng *Boro-Boedoer*.

Heuleut lima poeloeh taoen ti harita, aja deui katjarioskeunana, nja éta Pangéran Dipati Anom ti Djogdja djengkar ka *Boro-Boedoer* badé ningali artja séwoe.

Doepi éta tjandi Boro-Boedoer baheula mah karoeng karimboenan koe taneuh, ngawitan dikalina keur alam toean *Raffles* djoemeneng Besar di oerang, anoe didawoehanana nja éta toean *Cornelius*, opsir golongan Genie, doepi dibersihkeunana pisan mah keur alam toean Hartman djadi Resedén Kedoe.

Ti taoen 1853 dongkap ka taoen 1873 éta tjandi Boro-Boedoer digambar koe toean Wilsen sareng toean Muller dihidjikeun sareng tjariosanana anoe habakoena dikarang koe toean Brunnund.

Doepi potrét-potrétna anoe katjida saru'na, nja éta dadamelan toean Van Kinsbergen.

Dina taoen 1887 katangén koe toean Insinjoer Ilzerman jén tatapakanana tjandi Boro-Boedoer pinoeh koe oekir-oekiran sareng papaés-papaés anoe saraé, anoe harita masih karimboenan kénéh koe batoe-batoe.

Dina taoen 1896, artja-artja anoe saraéna ditjandakan koe Radja Siem, nalika andjeunna rawoeh ka dieu téa.

Geusan ngaraksa sarta ngadjaga nalingakeun kana kaajaanana éta tjandi, koe Pamaréntah geus diangkat hidji koemisi nja éta toean Brandes, toean van Erp sareng toean Van de Kamer, anoe kapapantjéan ngoeroes Boro-Boedoer.

Eta tjandi Boro-Boedoer geus ditimbalan didangdosan sakoer anoe perloe soepaja oelah roeksak, anoe ngapalaanana saseroedna toean Brandes nja toean van Erp téa.

Ajeuna parantos aja boekoe anoe sampurna katranganana hal Boro-Boedoer, ditèk sadajana, karangan toean Dr. Krom sareng toean van Erp, djilid ka hidjina dikaloearkeun dina taoen 1920.

Paririmbón.

Tjatoerangga koeda, beunang njalin tina salah-sawaris paririmbón Kangdjeng Dalem Boepati Bandoeng soeargi Rad. Ad. Wira Nata Koesoemah.

Noemoetkeun kapertjajaan bangsa oerang, kadjabi ti adjian-adjian, djampé-djampé sareng pamaké téh réa deui anoe baroga kasiat, disangka sarta dipertjaja gedé mawatna, réa perbawana ka noe miara, atawa noe miboga, nja éta saperti bangsa batoe-batoe, hoé-hoé, tatangkalan, dangdaoenan, pakarang sareng sasatoan; dalah *djelema*, éta ogé dipertjaja jén aja perbawana aja watekna noeroetkeun kana wanda adeganana djeung tjiri-wantji noe aja dina dirina.

Eta kapertjajaan kitoe téh ditambahan dikandelan koe titinggal Hindoe.

Aja ketjap basa Kawi anoe parantos dja-di katjapangan sepoeh-sepoeh, oenina: *Siti*, *peksi*, *tjoeriga toerangga*, lan *wanita*.

Siti, hartosna: tanah, pakarangan.

Peksi, hartosna: manok; babakoena anoe dipimaksoed di dieu *titiran*.

Tjoeriga, hartosna: pakarang; babakoena pakarang anoe pamoran, *keris*, *toembak*, *gobang*.

Toerangga, hartosna: toetoenggangan, nja éta *koeda*.

Wanita, hartosna istri, awewe. Tah ieu anoe lima roepa, anoe djadi babakoe kapertjajaan dianggap gedé *perbawana* atawa radjeun gedé *mamalana* ka noe miara.

Koe margi aja éta kapertjajaan, anoe pagauh pisan ajana dina rasa, kolot-kolot mah tara gagabah miboga éta *barang* noe lima roepa téh, koedoe baé koeda diilikan heula koekoelintjiranana djeung tjiri wantjina noe lian; pakarang ditepoes atawa dipal, dipariksa pamorna; istri diitoeng naktoe ngaranna naktoe wewedalanana sareng tjtjirén anoe sanés, da nja éta sok mahala mahajoe téa, tara gantjang koe hajang babari kabongroj koe bogoh. Nepi ka meh kabéh sepoeh mah pada ngagem rasiyah-rasiyahna ararapal digolangkeun.

Ieu di handap diseratkeun tjatoeranggana koeda, anoe saé anoe awon, kéngging njalin tina paririmbón Kangdjeng Dalem Bandoeng marhoem.

1. Radja wana.

Koeda anoe aja koekoelintjiran tiloe dina hoeloena, perbawana poereut kana dipaké moro, aloes djadi toetoenggangan anoe dja-di prijajj (toetoenggangan ratoe).

2.

Koeda beureum bodas tonggongna (*larab*) katjida aloesna gedé mawatna, perbawana digdjaja.

3. Nilakoenti.

Koeda anoe koekoelintjiran saloehoereun biwirna, aloes matak oenggoel perang, toetoenggangan perdjoerit.

4. Madoegoentoer.

Koeda daragem tjidet matana sok pépé-léjéan, hadé pisan perbawana, pantes djadi titihan ratoe (boepati).

5. Soerja-koenta.

Koeda boeloe beureum, ari panonna semoe biroe, digdjaja perbawana, oenggoel amoen dibawa djoerit, njaho diapesna moesoeh.

6. Wisnoe moerti.

Koeda dawoek-roejoeng ari matana semoe hédjo doeanana, éta sami baé saéna sareng *Soerja-Koenta*.

7. Doerga remeng.

Koeda hideung moeloes, teu aja matana doeanana (ari anoe diseboet „mati” nja éta koekoelintjiran anoe deukeut tjeuli, biasana doea ramo toekangeun tjeuli), gedé pisan mawatna, beunang dipaké toembal nagara, panoelak bahla matak soewoeng moesoeh.

Anoe miara tangtoe pinanggih kaboengahan salalawasna, parék redjeki diaoeh balai.

8.

Koeda hideung moeloes, koekoelintjiran di djero tjeulina, éta katjida gorengna, mawa tjilaka ka noe boga, kalindeukan koe pakarang moesoeh.

9. *Doerga djaja.*

Koeda dawoek aja koekoelintjiranana opat dina sirahna, hadé pisan perbawana matak oenggoel dina perang, dipikasrab koe noe lain.

10. *Seri paduli.*

Koeda daragem hédjo talapokna, hadé pisan, matak kaseundeuhan koe redjeki ka anoe boga matak beunghar.

11. *Woelan moendjar.*

Koeda kembang doeren méh gambir, gambir ngora), koekoelintjiran dina bobokongna kéntja katoehoe éta, katjida hadéna, watekna kana papadang ati, anoe boga moal pinanggih kasoelah, matak pinter.

12. *Meguloera.*

Koeda hideung meles, bodas boentoetna djeung tjeulina, katjida pisan aloesna, noengtoen kana bisa ngélmoe, pantes djadi titihan prijaji, atawa oelama.

13. *Toenggoel méga.*

Koeda bodas, ari boentoetna djeung gombak (djoelompóngna) hideung, watekna kana moedjoer dina sagala lakoe dibawa perang tangtoe meunang, pantes djadi toetenggangau ratoe.

14. *Taradjoe emas.*

Koeda anoe tiloe koekoelintjiranana dina sirah, doea handapeun panon hidji loehoerennana; koeda toehoe satia ka doenoengan,

katjida aloesna, matak katoeroet sagala lakoe, hasendeuhan koe radja barana, dipikaasih koe sagala djelema.

15. *Djaga moesoeh.*

Koeda anoe aja opat koekoelintjiranana dina sirah, hadé perbawana matak ngadja-oehkeun pantja-baja, moal éléh lamoen dibawa perang.

16. *Raksa djaga.*

Koeda anoe lima koekoelintjiranana dina sirahna, katjida aloesna, perbawana kana kahardjaan nagara, pantes djadi ingon-ingon radja.

17. *Gedong mineb.*

Koeda anoe koekoelintjiranana opat deukeut matana (Dina paririmbón Rd. Poeradiradja mah, Gedong mineb téh anoe koekoelintjiranana *handapeun mata*), aloes pisan watekna mawa rikrik mawa gemi ka noe miara, matak beunghar réa redjeki datang, teu réa mitjeunna.

18. *Soenggoer watjana.*

Koeda anoe koekoelintjiran dina oeng-oengna, perbawana kana matak meunang padoe (Noemoetkeun paririmbón Rd. Poeradiradja, diseboetna „*Kemil*”, watekna goreng, matak lésang koeras).

19. *Satria pinajoengan. (Satria linajoengan).*

Koeda anoe koekoelintjiran dina bobokongna beulah kéntja, katjida aloesna, gedé perbawana kana daradjat, téréh naek pangkat, djadi pangaoeban ratoe, pantes dipiara koe prijaji, toetenggangau ratoe.

20. *Naga lanang.*

Koeda anoe koekoelintjiran dina nonoena (kakawetna), katjida aloesna ka noe sok ngawajoh, matak ngarapilikeun maroe, perbawana kana ngadjak njandoeng, toeroeg-toeroeg kaloeloetan koe istri.

21. *Soekoe panggoeng.*

Koeda anoe aja koekoelintjiranana opat dina soekoena, katjida aloesna, matak soewoeng moesoeh, pinanggih karahajoean, pantes djadi toetoeanggan para pangagoeng.

22. *Panambang ngarsa.*

Koeda anoe koekoelintjiran dina soekoe toekang beulah kéntja, aloes pisan, matak djaja ka noe boga, diadjenan koe sasama.

23. *Bendana noetoeti.*

Koeda anoe aja koekoelintjiranana dina soekoe hareup beulah kentja, saroea aloesna djeung P nambang ngarsa.

24. *Punggoeng loenggoeh.*

- a. Koeda anoe aja koekoelintjiran dina soekoena opatanana, katjida aloesna lamoen dipiara koe noe njekel pangkat, matak dipikahéman koe saréréa.
- b. Koeda sopal loehoer soekoena opatanana, ieu oge katjida aloesna, perbawana kana diasih koe doenoengan, djeung narik kana moekti.

25. *Mangoen tapa.*

Koeda sopal soekoena toekang beulah kéntja, noengtoen kana karahajoean, katjida hadéna perbawana ka noe miara.

26. *Soenia taka.*

Koeda anoe *matina* ngan sabeulah (hidji), katjida goréngna, matak tjilaka, lamoen dibawa perang tangtoe noe toenggang kasamboet moesoeh.

(Dina paririmbong Rd. Poeradiredja diseboetna *Soelintaka*).

27. *Satria Soerèng.*

Koeda anoe *matina* anoe sabeulah toena (toekang teuing atawa handap teuing) éta ogé katjida goréngna, lamoen dipiara koe pangkat matak dipotjot, toer mawa soeroed redjeki, réa pitenah.

28. *Dangdang aring.*

Koeda anoe koekoelintjiranana ngan sahidji toer toena, katjida goréngna sagala tara djadi komo ka noe njekel pangkat mah.

29. *Bengeng toena.*

Koeda anoe koekoelintjiran dina tengah-tengah soesoerina, katjida awonna, matak tjilaka mawa apes, ka noe djeneng matak dilepas.

30. *Satria kapangoel.*

Koeda anoe aja koekoelintjiran doea dina sirahna, goreng watekna, matak réa moesoeh, dipikangewa koe doenoengan.

31. *Tadah loeah.*

Koeda anoe aja koekoelintjiran doea deukeut matana, katjida goréngna, mawa tjilaka, matak soesah saanak baraja.

32. *Doerga ngerik.*

Koeda anoe aja koekoelintjiran dina letahna, katjida goréngna matak apes, dioenghak koe bodjo, ngadeukeutkeun patjogregan djeung tatangga.

33. *Kala misani.*

Koeda anoe aja koekoelintjiran dina kélékna beulah katahoe, katjida goréngna noengtoen kana bahla, matak tjilaka gedé, radjeun sok tepi ka nemahan pati.

34. *Dangdang kirab.*

Koeda anoe aja koekoelintjiran dina gigir beuheungna katjida goréngna, lamoen dibawa perang tangtoe noe toempak dipeuntjit koe moesoeh, noe bogana mindeng kapapatenan.

35. *Oetah ati.*

Koeda noe koekoelintjiran dina hoeloe angenna (deukeut dada) katjida goréngna, matak apes mawa tjilaka gedé.

36. *Toenggang toja.*

Koeda anoe aja koekoelintjiran dina sahandapeun beuheung (poehe beuheungna ti handap), katjida goréngna hajang njilakakeun baé ka noe noempakan, noengtoen bahla ka noe boga.

37. *Kalabang kapipit.*

Koeda anoe aja koekoelintjiran di gigirna, éta katjida goréngna, matak toempoer loedes, anoe boga tjilaka gede, mindeng kapapatenan.

38. *Soedjèn teroes.*

Koeda anoe aja koekoelintjiran dina ke-
kemplonganana katjida goréngna, matak tji-
laka koe moesoeh, mawa sial teu kendat
kasoelah réa pitenah.

39. *Kala tjetik.*

Koeda anoe aja koekoelintjiran dina tété-
pohanana, katjida goréngna noengtoen radja-
wisoena, mindeng aja noe mitenahkeun, réa
anoé nereka goréng.

40. *Soereng baja.*

Koeda anoe aja koekoelintjiran dina bo-
bokongna beulah katoehoe, teu hadé di-
piara, watekna sok mawa tjilaka ka noe boga.

41. *Boentel majit.*

Koeda anoe boentoetna ngaboendel (moen-
tel boeloe boentoetna, katjida goréngna, la-
moen dipake perang tangtoe anoe toem pakna
pinangjih adjal, perbawana anoe miaran
téréh maot.

42.

Koeda anoe boeloe boentoetna sok aboe-
kana palawanganana, éta katjida goréngna
watekna panas, perbawana nangtang bang,
sat, mindeng kapalingan.

43. *Kala tjatjing.*

Koeda anoe aja koekoelintjiran dina boe-
djoerna, éta katjida goréngna, perbawana
kana mindeng mangjih wirang.

44. *Kala tjoewet.*

Koeda anoe aja koekoelintjiran dina ka-
kawetna, éta katjida goréngna, perbawana
kana mawa tjilaka, matak apes.

45. *Kala andjing laki.*

Koeda anoe koekoelintjiran dina saloehoe-
reun tjétjèkolanana, katjida goréngna, mawa
tjilaka ka noe boga, lamoen ditoempakan
hajang ngaragragkeun baé.

46. *Soeniataka asor.*

Koeda anoe sanglir, watekna panas, matak
roentang salelemboer, mawa sial ka tatangga.

47. *Boeaja ngangsar.*

Koeda anoe koekoelintjiran dina beu-
teungna, koerang hadé, lantaran teu kaop
dibawa meuntas sok toeloj depa dina tjai.

48. *Kala kepipit.*

Koeda anoe aja koekoelintjiran dina em-
boen-emboenanana, watekna goreng katjida,
matak tjilaka ka noe boga, lamoen ditoem-
pakan tangtoe njilakakeun, tampolana tepi
ka matak maot,

49.

Koeda anoe aja koekoelintjiran saloehoe-
reun toeer hareup, éta goréng pisan, sok
njilakakeun ka noe toempak, lamoen dipaké
perang anoe toempak balik ngaran.

50. *Toedjah boemi.*

Koeda anoe aja koekoelintjiran dina soekoe
hareup doeanana, éta goreng pisan perba-
wana, teu beunang dipaké koemawoela, sok
djadi moesoeh ratoe.

51. *Bendana katoetan.*

Koeda anoe aja koekoelintjiran dina soe-
koe hareup beulah katoehoe, katjida go-
réngna, perbawana matak kabandang koe
moesoeh, kana redjeki matak lèsang koerang.

52. *Bendana rimbak.*

Koeda anoe aja koekoelintjiran dina soe-
koe toekang beulah katoehoe, matak noeng-
toen panjakit, anoe bogana sok mindeng
gering anoe matak djadi halangan.

53. *Sandoeng baja.*

Koeda sopal soekoe hareup doeanana, ka-
tjida goréngna mawa tjilaka, komo pikeun
ka noe njekeul pangkat mah, matak kabendon.

54. *Sampar bangké.*

Koeda sopal soekoe hareup beulah katoe-
hoe, éta ogé goréng watekna, matak réa
anoé paraéh.

Kadjabi ti anoe diserat di loehoer, ieu
ditambahan koe Tjatoerangga koeda una
paririmbon Rd. Poeradiredja, margi aja ogé
béntenna sareng ieu, soemawonten dina
ngaran-ngaranna mah.

Tjatoerangga koeda.

Dina sempalan babad Mataram, diseboet-
keun hal tjiri-wantji koeda noe hadé noe
goréng.

Kabeh tjiri-wantji noe rèk ditoelis di handap ieu, éta geus ditjirikeun sarta geus diraoskeun koe ahli-ahli raos dina médan pangperangan. Babakoena mitoeroet Panembahan Sênapati.

1. *Wisnoe Moerti.*

Lamoen aja koeda hideung mèlès teu aja mathina, ari noe disèboet „mathi” nja eta koekoelintjiran anoe deukeut tjeuli. (Biasana 2 ramo toekangeun tjeuli) sarta dina toengtoeng letah aja noe njentring. Eta koeda hadè. Beunang dipakè toembal nagara; noe miara hëgar baè hatèna, kadeukeutan doenja sarta salamet tina sagala panjakit saanak-bodjona.

2. *Bara mara lèboegeni.*

Lamoen aja koeda beureum tèros kana panonna atawa kana iroengna, éta gorèng watèkna, panas. Tapi lamoen dipiara koe: noe tani, kamasan, palèdang toekang kentèng, toekang apoe djeung noe saroeapa kitoe, éta hadè.

3. *Anda moestaka*

Anda = taradje. Moestaka = sirah.
Lamoen aja koeda koekoelintjiran dina soekoe hareup (doanana) loehoereun toe oer, éta koeda gorèng watekna. Lamoen itoempakan karèpna sok ngaragragkeun, imana geus ragrag sok toeloej ngalejek sirah.

4. *Boentel majit.*

Lamoen aja koeda, moentel boeloe boenetna di djero, éta gorèng watekna noe iara sok katinggal koe anak rabina.

5. *Satria tjoendoek kembang.*

Lamoen aja koeda koekoelintjiran dina arangna, rèana „doea” éta koeda hadèntes djadi titihan Boepati.

6. *Ratna kombala.*

Lamoen aja koeda hideung panon bodas, loe dina roeas soekoe beureum, éta aloes abina-bina. Watekna noe miara parek rekidjaoeh balaina, saintjok-intjok dibareun koe kasalametan.

7. *Kémil.*

Lamoen aja koeda koekoelintjiran dina wang, éta gorèng. Watèkna lèsang koeras.

8. *Soelintaka.*

Njaéta koeda noe mathi (pamatrina) ngan sabeulah. Watèkna sok ngaragragkeun,

9. *Djaja poeroesa.*

Njaéta koeda noe koekoelintjiran 4 dina kokotjop. Watèkna lamoen dipiara koe pangkat, dipikaasih koe noe ti loehoer. Aloes djadi toetoenggangan pradjoerit.

10. *Matjan kalfoena sorenggani.*

Lamoen aja koeda noe koekoelintjiran dina andeman (dada, hoeloe angen) tiloe ngahapit, éta hadè watekna sok dipikaera koe sasama.

11. *Toemper iroeng.*

Nja éta koeda noe koekoelintjiran dina bagal boentoet. Watekna matak geringan ka noe miara.

12. *Tadahloe.*

Nja éta koekoelintjiran sahandapeun sipat panon, éta gorèng. Watekna matak mindeng kataradjang kasakit djeung didjaoehan ridjki.

13. *Gedong hineb.*

Nja éta koeda noe koekoelintjiran dina sahandapeun panon, éta hadè. Watekna matak apik kana ridjki.

14. *Moertisan babakoer.*

Nja éta koeda beureum koekoelintjiran sahandapeun poepoedak, éta hadè. Watekna beunang dipakè toembaling nagara. Pantès djadi toetoengganganing ratoe.

15. *Këntjob.*

Nja éta koeda pantjal (sopal) soekoena tiloe, éta gorèng. Watèkna matak balangsak anoe toempak.

16. *Pangoeng rèntjob.*

Nja éta koeda beureum koekoelintjiran soekoena beulah këntja ti handap, éta gorèng. Watèkna lamoen dipakè perang sok matak meunang tjilaka.

17. *Kala-loewang.*

Nja éta koeda noe aja dèkokan dina awakna, teu aja tanda raheut atawa tjèda, éta gorèng. Watékna matak kasoésahan ka noe miara.

18. *Pèndém oepas.*

Nja éta koeda noe koekoelintjiran tina, éta gorèng. Watékna noe miara mindeng keuna panjakit.

19. *Sapoe pèndal.*

Nja éta koeda noe teu boeloean bagal boentoetna, éta gorèng. Watekna matak lèsang koeras.

20. *Doedoek angrèm.*

Nja éta koeda noe belang siritna taja tèroesna, éta gorèng. Watekna matak gering saimah-imah.

21. *Soesoeh ligar.*

Nja éta koeda noe boentoetna sok asoep kana boedjoerna, éta gorèng. Watekna noe miara sok patjèngkadan djeung batoerna atawa djeung sanak koelawarga.

22. *Turadjoé emas.*

Nja éta koeda noe koekoelintjiran dina tarangna saloehoereun wates paonon, doa ti handap hidji ti loehoer, tjara timbangan emas, éta aloes. Watekna noe miara saemoerna moal koerang ridjki, toer dipikaasih koe pada djelema.

23. *Baja kasrangkoel.*

Nja éta koeda anoe koekoelintjiran ngadjar ti loehoer ka handap, pernahna antara watès tarang djeung bangoes, éta gorèng. Watekna noe miara sok mindeng meunang kasoésahan, malah sok kadatangan balahi.

24. *Woeta-vesti.*

Nja éta koeda noe koekoelintjiranana ngadempèl, éta gorèng. Watekna mawa apès ka noe miara, nadjian soegih koedoe baè ditapoek koe kasangsaraan.

25. *Astamanik.*

Nja éta koeda anoe sopal soekoena opatanana sahandapeun toeoer, éta goreng kabinabina. Lamoen diacara koe kapala, sok tèrèh dikaloearkeun tina kapangkatanana;

lamoen dipakè perang matak èlèh sarta kapotong beuheung; djeung sok mindeng meunang wiwirang.

26. *Roeboeh karna.*

Nja éta koeda anoe pamatrina toekangeun anoe galib, éta gorèng. Lamoen diacara koe kapala matak dilepas; moen dipakè perang matak kasoran sarta kapotong beuheung.

27. *Gorok [Borok?].*

Nja éta koeda noe koekoelintjiran dina beuheung, éta gorèng. Lamoen dipakè perang sok kapotong beuheung.

28. *Soedjen tèroes.*

Nja éta koeda anoe aja koekoelintjiran dina tètèpokan. Eta gorèng.

29. *Soeroeng.*

Nja éta koeda anoe koekoelintjiran dina bobokong kèntja, éta koeda hadé Watekna ditoeroet sagala titahan djeung kaimpoengan koe batoer.

30. *Djajengrana.*

Nja éta koeda anoe koekoelintjiran dina tjongo tjeuli. Eta aloes katjida. Watekna mawa santosa djeung tawekal dina sagala pagawèan.

31. *Sira mangempel.*

Nja éta koeda anoe boeloe tjékèr ti hareup bodas, éta aloes. Watekna matak ka-deukeutan ridjki djeung pinoeh kaboengahan.

Oenak-anik basa Soenda.
I.

Serah bongkokan, sanés taloek dodongkoan memendekan, tjara noe bongkok tapi masrahkeun *bongkokan*, hartosna pakarang beunang meungkeutan. *Bongkokan* = *beungkeutan*, *hoe-roenan*.

Paririmbon, asalna tina *rimboe* hartina *simpen*, *teundeun*. *Paririmboean* diringkeskeun djadi *paririmbon*, hartina *sisimpenan*.

elèn, asalna tina *toelian*, *Toeli* = *toelja* = njata, temen, saperti. (Skr. *tulija* = saroepea, saroea). *Toelèn* hartina *temenan*, *anoe sanjatana*, *anoe saenjana*.

Gilig, ajeuna mah ngan dihartikeun indjeumanana woengkoel, ari hartina asa mah geus kaloeli-loeli tara dianggo. *Gilig atina*, atawa *gilig pikirna*, hartina *boeleud pikirna*, da *gilig* tèh hartina *boeleud pisan*, *boeleud bener*, *boender*.

Pagoelingan, = pangkoeleman, padjoearan. *Goeling* (Kw) hartina héés, *pagoeelingan* panghéésan.

Kaboeloesan, lain asal tina *boeloes* anoe hartina *koelja*, tapi tina woeloosan hartina: *iboen Kaboeloesan* tèh saroea djeung *kaiboen*, *kaiboenan* katiisan, katjaian.

asamoan asalna tina *pasamoehaan*. *Samoecha* (Kw) hartina vergadering, rioengan, *Pasamoehaan*, tempat rioengan, vergadering, tempat verga dering.

Karlaan lain asal tina *ria* anoe hartina *oedjoeb takaboer*, tapi tina *karia* at, *kria* (Kw) hartina *gawè*, djadi *kariaan* tèh hartina *boga gawè*.

Sampan asalna basa tjina *sampan* hartina tiloe papan.

Sakama-kama = sakarep-karep. *Kama* (Kw), kahajang, pangabogoh, kabouki, karep, karesep.

Madras taloki, ngaran saroepea madras anoe latar beureum kembang-kembang at. tjeplok-tjeplok tèa. Koe lantaran anoe dagang éta madras kawas na Sengkè, pègo kènèh ngomongna, njeboetkeun *Toerki* tèh *Taloki*, ari panjangka oerang Soenda mah *taloki* tèh lain asal tina *Toerki*, toeloej baé ditoeroetan, kabawa-keun pèpègoan, padahal *madras taloki* tèh maksoedna anoe ngomong mah: *madras Toerki*.

lantjang pakèwoeh = doea tiloe roepa kasoe sah. *Bantjang* = tjabang, tjakak, rangkep, doea tiloe ngambreg, ngarodon. Saenjana hartina *pakèwoeh anoe ngarodon*.

Samoe-daja (Kw) = sambarang, sagala. Samoe-daja kalelepatan = sagala kasalahan.

Apoes boentoet = tali boentoet. *Apoes* (Kw) = tali.

Saoeng sanggar = saoeng leutik paranti njalin (ngamimitian diboeat). *Sanggar* (Kw) = pamoedjaan, paranti moedja.

Gedogan = istal koeda. *Gedog* (Kw) = koeda.

Diadoe-koembangkeun, asalna tina *adoe koemba*, lain koembang. *Koemba* hartina *sirah*, atawa *benggoel tarang gadjah*.

Diadoe-koembakeun, hartina diadoekeun si rahna.

Pihatoer redaksi.

Disoehoenkeun anoe sanget pisan ka sadaja langganan Poesaka Soenda, soepados dina sasih Juni 1923, parantos ngintoenkeun artos langganan pikeun taoen ka doea (1923-1924). seueurna sakoemaha anoe parantos baé nja éta f3.— tiloe roepia.

Anoe henteu ngintoenkeun artos pikeun langganan Poesaka Soenda tahoen ka doea, elat-elatna dongkap ka pananggalan sasih Juli 1923, tangtos moal wara dikintoen P. S. No. 1 taoen ka II.

Ka para Djoeragan anoe ajeuna parantos maparin artos pikeun ngalanggan P. S. tahoen ka II. *Redaksi oendjoek noehoen*.

Wawatjan Siliwangi.

(*Samboengan P. S. No. 9*)

Pangkoer.

266. Siliwangi djadi réntjang, Retna ajoe éstoe kalangkoeng asih, dipisalin iket badjoe, saboe sareng serewalna, dipernahkeun panggonan di ambèn, pajoen,

samak angel djeung lampitna, samaktana geus sajadi.

267. Tambah réa noe darongkap, sepoeh anom pameget djeung istri-istri, ti noe deukeut ti noe djaoeh, réa anoe kikiran, aja oge noe baleunghar méré badjoe, noe samping noe totopongna, arasih ka Siliwangi.

268. Saban soré ririoengan,
tararembang hariring dibaroeng kawih,
ditémpas koe noe bareloek,
Siliwangi gentra ngontjrang,
lebah sénggol kadangoena halimpoe,
noe nongton tjarang noe moelang,
réa anoe toeloelj meuting.
269. Dipaparin pagawéan,
oenggal isoek koedoe ngamandoran
koeli,
anoe njiram kebon sajoer,
di poengkoer dina boeroean,
geus ngabakoe doea tiloe noe boe-
boeroeh,
nanging mandor melid pisan,
sok karoenja ka noe koeli.
270. Mandor remen ditjarékan,
koe nji emban disentak pedah
melentjing,
kasampak keur ngaloeloengkoet,
atawa sok ngabaheuhaj,
noe boeboeroeh dibawa baé ngawadoel,
boeroean tambah barala,
njadjebroeng pinoeh koe teki.
271. Ari sanggeus lawas-lawas,
méh sataoen lilana Siliwangi,
ajana di Retna A Joe,
goréng gawé taja goeam,
dipetakeun kana sagala ngawagoe,
daradjatna teu katara,
soelaja djeung noe kaimpi.
272. Ambetkasih rémpan manah,
rada hamham tjangtjaja inggis koe bisi,
bisi lain sapitoeoeh,
soengkan lana ngarawatan,
toengtoengna mah si Hideung ditjoe-
roeng wangsoel,
digambréng digonggorokan,
ditoendoeng sangkanna balik.
273. Tapi Ki Boedjang nambalang;
Mangga moelang hajang baréng djeung
Gan Poetri,
njoerangan mah emboeng oendoer,
moal intjah balilahan,
soeka betah nadjan teu dioepah sangoe,
sok moen djadi panakawan,
doenoengan hajang kairing.
274. Anoe noendoeng seuseurian,
ningal peta léléwana Siliwangi,
oetjap soegal tapi loetjoe,
gentra kemat kinasihan,
noe ngaroeping doemadak malik
kajoengjoen,
aja andar nitah moelang,
malindes kabeuilit asih.
275. Toenda noe keur kasamaran,
katjatoerkeun Lampoeng djamboel
enggeus lami,
Gelapnjawang djeung Panandjoeng,
opat taoen henteu koerang,
oeprak-aproek djoeragan tatjan ka-
timoe
ngadjadjah ka poelo lian,
Madoera Bornéo Bali.
276. Mentok Palembang kasorang,
oenggal nagri dilanglang haben
dilingling,
handjat moelang ti Malajoe,
mapaj-mapaj daratan,
manggih désa Panjinkiran djol ka
koewoe,
di dinja geus kaboeritan,
ka loerah amitan meuting.
277. Koe Ki Koewoe Panjinkiran,
ditarima diakoe disoenggoeh ugopi,
dahar dibawa ngarioeng,
baréng eudjeung pamadjikan,
tiloe sémah dipariksa koe Ki Koewoe:
„Naha naon noe disedja,
nja toeang boemi ti mendi?”
278. Lampoengdjamboel ngawalonan,
moen pertjanten kaocla tëh oerang Bali,
pangatikna poetra ratoe,
ari noe matak ingkah,
saèstoena kaocla njaaah koe oemoer,
margi arék dipaèhan,
diterka meutingan selir.
279. Ajeuna mah sad kaocla,
lamoen andjeun aja piwelas tjitangis,
soemedja badè njaloeoeh,
nadjan nepi ka moelanan,
moegi andjeun korsa maparin pi-
toeloeng,
wondèning padamelan mah,
sakorsa kaocla ngiring.
280. Nini koewoe seuseurian,
ngadangoekeun pitoetoerna oerang
Bali,
aki-aki batan kitoe,
nepi ka aja noe njangka,
ka parekan noe gareulis selir ratoe,
bet asana pamohalan,
pirakoe teu pantes teuing.
281. Lahir koewoe soekoer pisan,
lamoen oewa korsa di deni ngarantjik,
sanadjan satoetoeop oemoer,
itoeng-itoeng sandangan,
toeh di balè pikeun tiloean maratoeh,
ajeuna geura tetebah,
tah samak anggel djeung lampit,

282. Gelap-njawang ampar-ampar,
doeg ngaredeng kawantoena enggeus
peuting,
ngagoeher sarè mamajoe,
katjaritakeun isoekna,
sanggeus ngaso noe tiloean teu toe-
mamoe,
mènta patjoel parang koedjang,
degèr digawè saringkil.
283. Melak kentang katjang mantang,
djagong djaat sasawi djeung hoei
gading,
roaj koas koekoek waloeh,
hiris dipakè panjelang,
tèrong peuheur tèrong Bogor tèrong
rangoo,
andèwi koetjaj djeung bawang,
bontèng tjabatong bontèng soeri.
284. Soehoed ngagarapna tanah,
tabah toeman kana gawè toekangtani,
noe matak hasilna tjoekoel,
Nini Koewoe soeka boengah,
ka boedjangna njaah toer hèman ka-
langkoeng,
sanggeus tepi ka moesimna,
moepoe djagong katjang hiris.
285. Hasil dikoendjal ka pasar,
didjoealna pajoe pareboet laris,
Nini Koewoe medah-medoeh,
meunang oewang ladang katjang,
tjaba èta rèa noe mareuli noengtoet,
meuli djagong ti tangkalna,
Nini Koewoe djadi soegih.
286. Kotjap dina hidji mangsa,
Nini Koewoe rèk sèba ka Ambetkasih,
sarèh hasil kebon tjoekoel,
koe poetri hajang katoeang,
djoeng Nji Koewoe diiringkeun koe
noe nanggoeng,
soemboel tèbok eusi lalab,
pinoeh koe djagong djeung hoei.
287. Djaba dongdang katoeangan,
poepoendoetna langkoeng-langkoeng
ti sasari,
rèbo nji Koewoe rangkedoeh,
saaja-aja dibawa,
pentil hiris kasedepna Ratna Ajoe,
tjèjtjèndèt djeung bebesaran,
dina salindang diais.
288. Nini Koewoe enggeus miang,
saadatna biasa noe arèk bakti,
teu lila nini geus tjoendoek,
Ambetkasih soekaboengah,
ningal nini sèba mani ambarikoet,
disambat dihiap-hiap,
geuwat nini geuwat nini.
289. Geuwat bawa oerang goear,
naha nini kikiriman loba teuing,
tina dongdang tina soemboel,
koe Nji Poetri diboekaan,
geus ngalajah lalab-lalab moenggah
ngoenggoel.
djagong djaat tèrong katjang,
hiris mah geus poegoeuh deui.
290. Ambetkasih miwarangan,
ka Nji Tjentil koedoe geuwat milih-
milih,
lalab djeung djagong noe aloes,
keur ngintoen ka ramana,
dibakian ditoeroeban koe mandepoen,
geus djoeng nji badèga miang,
keprèt bari nanggeuj baki.
291. Ambetkasih ngalelekan,
Naha Nini geuning ngirim rèa teuing,
koela mah sok hajang miloe,
ngadon ngoendeur sorangan,
na koemaha kebon tèh teu pati djaoeh,
djeung naha pelak sorangan,
mana hiris rèa teuing.
292. Nini Koewoe ngawalonan,
noen soemoehoen èstoe pelak djsim
abdi,
wantoe abdi tambah batoer,
boga boedjang palantjongan,
ka dieuna èstoe djalma datang sadoe,
ari pokna paminggatan,
asal oerang poelo Bali.
293. Djalma singkah ti noe lian,
noe saoeorang djangkoeng gedè pilih
tanding.
boeloe harigoe djèg indjoek,
Lampoeng djamboel ngaranna,
noe docaan Gelapnjawang djeung
Panandjoeng,
pada mingsal ti sasama,
tiloean oeroet pangatik.
294. Toekang ngatik poetra radja,
tapi madjar keuna pitnah koe panoe-
ding,
ngadjailan selir ratoe,
anoe mawi maringgat,
ajeunana ladjeng di abdi maratoeh,
garetol ngagarap tanah,
kawas hamo ingkah deui.
295. Ambetkasih kawaranan,
hajang sidik kana satjarita nini,
nimbangan ka nini koewoe,
isoekan koedoe dibawa,
èta djalma noe leutik djeung anoe
djangkoeng,
panasaran koe tjarita,
hojong ningali pribadi.

296. Tjek nini soemangga pisan,
 èndjing baè tangtos abdi medek deui,
 bari mawa Lampoengdjamboel,
 sina ngadareuheusan,
 ti dinja mah nini koewoe amit
 moendoer,
 geus dipoelang bako tampang,
 tèh tangkoeèh goela pasih
297. Sanggeus Nini Koewoe moelang,
 katjatoerkeun boedak hideung Sili-
 wangi,
 loemenjap manahna ratoeg,
 tangtoe èta noe tiloan,
 moal gagal badègana anoe njoesoel,
 Lampoengdjamboel Gelapujawang,
 Kidang-panandjoeng pangatik.
298. Ki Hideung manah hariwang.
 boga niat arèk njoempoet di noe boeni,
 sieun panggih djeung noe njoesoel,
 koemaha baè nja peta,
 éra temen lamoen tepi ka patepoeng,
 rèk njingkah njingkah ka mana,
 moetjoeng asa dikoekoentit.
- Poetjoeng.**
299. Katjatoerkeun Nini Koewoe enggeus
 tjoendoek,
 diiring badèga,
 doea djangkoeng hidji katè,
 Njai Poetri bengong ningal noe tiloan.
300. Aja djalma anoe hidji gedè loehoer.
 satjae manggala,
 boeloe panonna ngarimbjong,
 halis tjeuli rambosbos boeloena pan-
 djang.
301. Noe ka doea beuteungna njemploe
 boerajoet,
 boeloe harigoena,
 djèg indjoek sakakab gomplok,
 noe katiloe, katè pendèk boelè bodas,
302. Boedjang landjang sadaja ngarogrog
 koempoei,
 aralohok hèran,
 saemoer kakara nèntjo,
 djalma segoet djangkoeng gedè kawas
 beta.
303. Njai Poetri ngadawoeh barina imoet:
 Oea noe tiloan,
 oepamana oea daèk,
 matoeh baè di diou reudjeung kaola.
234. Dipasrahan patamana koela oeroes,
 kabèh saloearna,
 boenderan djeung kebon-kebon,
 malakmanilar mangkè kaala hasilna.
235. Njai Poetri ngalahir ka Nini Koewoe:
 Tab Nini ajeuna,
 boeljang tèh keur koela baè,
 rèhna pantes pikeun pangasoch kaola.
236. Nini Koewoe tjong njembah bari
 pioendjoek:
 abdi sedja pasrah,
 nadjan diri abdi ogè,
 sajaktosna da gamparan noe ka-
 goengan.
237. Nini Koewoe amitan enggeus djeung
 wangsoel,
 ngantoenkeun Sang Retna,
 sarèntjangna kempel kènèh,
 ngan si Hideung Siliwangi henteu aja.
238. Manahorèng Siliwangi njoempoet
 djaoeh,
 welèh teu kapendak,
 disaksrak koe djompong-djompong,
 ladjang Poetri tjarios ka rèntjang
 anjar.
239. Aèh Oea Panandjoeng djeung Lam-
 poeng-djamboel,
 kaola geus lawas,
 meuli hidji boedak anèh,
 hideung hèrang roepana tjeplès saga-
 gak.
240. Digawèkeun kana njiram kebon sajoer,
 ngan tiba roeminggang,
 doea tiloe balik ngelèl,
 ngan tembangna teu woedoe sorana
 ngeunah.
241. Ngan ajeuna èta teu aja ti isoek,
 Gelap njawang njembah,
 boedak keema dodegna tèh,
 sareng kinten sabraha taoen oemoerna.
242. Lahir Poetri kira lima welas taoen,
 awakna langkonjang,
 boedjang enggeus ahir baleg,
 boga wanda ngan koelitna hideung
 pisan.

Aja toeloelna.